

# Manti vs Reyalite

Enfòmasyon kap edew ranpli FAFSA ou



**SA KI PA VERITE: Li pran anpil tan pou ranpli aplikasyon an.**

**VERITE A:** Pifò moun fini ranpli FAFSA a nan 30 minit. 30 minit nan tan ou ka peye nan yon gwo fason – lajan gratis pou inivèsite oubyen lekòl profesyonèl! Gen anpil resous ak asistans disponib pou ede ou. Se mande sèlman pou mande pou ka jwenn.

**SA KI PA VERITE: FAFSA afekte sèlman èd federal elèv yo.**

**VERITE A:** Se vre ke ranpli FAFSA a se sel mwayen ou kapab resevwa èd federal pou elèv, pifò lekòl tou itilize aplikasyon an pou evalye kalifikasyon w pou pwòp pwogram pa yo ki pa federal èd yo. Òganizasyon prive ak leta ki bay bous detid avèk sibvansyon yo itilize FAFSA souvan pou ede detèmine si ou kalifye. An reyalite, gen kèk lekòl ki pap menm konsidere ou pou okenn bous detid yo toutan ou pa konplete e soumèt yon aplikasyon FAFSA. FAFSA se premye etap ou dwe fè pou ka gen aksè avèk èd finansye ak sibvansyon federal, leta ak lokal.

**SA KI PA VERITE: Ou pa ka soumèt FAFSA toutan fòm tax ou poko ranpli.**

**VERITE A:** Ou kapab konplete e soumèt FAFSA depi Oktòb 1 2018 epi ou ka itilize fòm tax enfòmasyon ane 2017 ou yo. Sa a tout fè li pi fasil pou ou pou w ranpli FAFSA ou. Kom ou gentan fe tax pou ane 2017 ou ka itilize IRS Data Retrieval Tool ki se yon pwogram nan FAFSA kap pemet ou otomatikman enpòte enfòmasyon soti nan biro IRS ale nan aplikasyon FAFSA ou a, sa fè pwosesis aplikasyon an menm vin pi fasil. Sa a pral ede diminye erè, diminye tan an li pran pou ranpli aplikasyon an, ak diminye chans pou yo chwazi pou yo verifye enfòmasyon ki sou FAFSA w la.

**SA KI PA VERITE: Se sèlman elèv ki gen bon nòt ki ka jwenn èd finansye.**

**VERITE A:** Yon bon mwayenn ou byen bèl nòt nan klas enpòtan anpil epi yo pral ede kalifye yon elèv pou sèten lekòl yo ak bous detid akademik yo. Sepandan, pi fò pwogram èd elèv pa menm pran mwayenn yon elèv an konsiderasyon le yap bay bous detid. Sa ki pi enpòtan pou elèv la ka resevwa èd finansye se ke elèv yo dwe kenbe pwogrè satisfèzan nan klas yo nan kelkeswa pwogram yo nan etid yo ye a yon fwa yo kòmanse inivèsite oswa lekòl profesyonèl la.

**SA KI PA VERITE: Fanmi ou fè twòp lajan, poutèt sa se prete sèlman ou ka prete lajan, ou pap kalifye pou èd finansye.**

**VERITE A:** Nan dènye ane ki sot pase yo, elèv lekòl segondè Sidwès Florid yo kite plis pase \$ 9 milyon dola nan Pell Sibvansyon (a.k.a. lajan gratis) gaspiye paske yo pa aplike pou yo – chak ane – elèv yo pa aplike oswa yo panse yo pap kalifye pou ta resevwa lajan sibvansyon yo. Pa gen okenn limit sou kantite kòb ou fè ki kalifye elèv la pou resevwa èd federal. Lè wap aplike pou resevwa èd finansye gen anpli lòt faktè yo konsidere apa de kantite kòb ou fè – pa egzamp kantite moun ki nan fanmi ou, laj paran ki pi gran nan kay la.

E Menm si ou sèlman kalifye pou prete lajan, prè federal elèv ofri plis avantaj ke prè prive. Elèv la ap komanse remet kòb la jis lè li la gradue oswa kite lekòl la, prè ap gen yon to enterè ki fiks, gen plizyè plan ranbousman ki disponib, elèv la ka menm gen posibilite pou gen kèk prè yo pa bezwen peye ankò si yo kalifye. Ou pap janm konnen si ou pa eseye.

Ale sou [www.FAFSAfirst.org](http://www.FAFSAfirst.org) pou plis enfòmasyon

